


*New Jersey Department of Health ap fè patenarya avèk lòt ajans leta yo  
New Jersey Department of Agriculture ak  
New Jersey Department of Labor and Workforce Development  
ap ede antrepriz agrikiltirèl ak travayè agrikòl yo pandan pandemi COVID-19 la.*

## **PWOVIZWA**

### **MALADI CORONAVIRUS 2019 (COVID-19)**

**KONSÈY POU MIGRAN  
AK TRAVAYÈ AGRIKÒL SEZONYE,  
ANPLWAYÈ YO,  
AK FOUNISÈ LOJMAN YO**

**20 ME 2020**



#### **I. KONTÈKS**

- Komisè Sante New Jersey a responsab pou l egzekite evalyasyon, prevansyon ak entèvansyon ka dijans nan domèn sante piblik pou Eta a.
- Chak moun k ap fè biznis nan New Jersey, dwe kowopere okonplè avèk Komisè Sante a nan tout domèn ki gen rapò ak eta dijans lan.
- Konplikasyon enfeksyon COVID-19 la ka gen ladann nesosite pou ospitalizasyon, nesosite pou jwenn respirasyon mekanik, ak lanmò.
- Moun nwa ak ispanik, moun ki gen plis pase laj 65 lane, ak moun ki genyen pwoblèm medikal ki deja egziste, tankou dyabèt, maladi pilmonè oswa maladi kè, oswa ki genyen yon sistèm iminitè ki afebli (pa egzanp, moun ki gen kansè oswa moun k ap pran medikaman iminosipresè), yo genyen pi gwo risk grav pou konplikasyon COVID-19 yo.
- Eksplwatè agrikòl nan New Jersey yo ak travayè agrikòl sezonye yo ap kontinye bay popilasyon an sèvis esansyèl nan alimante chèn rezèv alimantè New Jersey a.
- Travayè agrikòl sezonye yo arisk pou kontak ak COVID-19 akòz rekòlt ak transfòmasyon pwodiksyon agrikòl yo egzije kontak pwòch avèk kòlèg yo e akòz travayè agrikòl sezonye yo depann sou transpò angwoup ak lojman nan estil kanpman.
- Travayè agrikòl sezonye yo genyen pi gwo risk pou yo kontrakte fòm COVID-19 ki grav yo.
- Travayè agrikòl ki gen pwoblèm pilmonè kwonik ki pran kontak avèk pestisid ak mwazisi ki sou rekòlt yo ka genyen pi gwo risk tou pou konplikasyon COVID-19 ki grav.

## II. DEFINISYON YO

- Coronavirus yo se yon gwo fanmi viris ki komen pami moun ak pami plizyè diferan espès bèt.
- COVID-19 (maladi coronavirus 2019) se maladi ki rive akòz novel (nouvo) coronavirus la ke yo te detekte nan moun nan mwa desanm 2019.
- Gwoupman se pratik izolman angwoup plizyè ka COVID-19 ki konfime nan laboratwa ansanm ak yon gwoup oswa lè yo mete plizyè moun an kontak pwòch nan yon ka patikilye an karantèn. Ideyalman, yo dwe izole ka yo endividyèlman e yo dwe mete moun an kontak pwòch yo an karantèn endividyèlman. Sepandan, kèk travay ak etablisman lojman pa genyen ase sal pou fè sa e yo dwe konsidere gwoupman kòm altènatif.
- Izolman se pratik lè yo kenpe yon moun ki malad lwen zòt.
- Karantèn se pratik lè yo kenbe moun ki te pran kontak yo e ki ka genyen maladi a lwen moun ki pa t pran kontak ak li yo.
- Kan vle di nenpòt lojman yon anplwayè ap founi, tankou yon tant, woulòt, kay, townhouse oswa nenpòt lòt kote ki sèvi lojman pou travayè agrikòl sezonye yo.
- Transpò vle di nenpòt otomobil yon anplwayè founi ki sèvi pou transpò travayè agrikòl sezonye yo.
- Anplwayè vle di nenpòt moun, manm fanmi, kòporasyon, patnèchip, antrepriz komen, kabinè, konpayi, oswa lòt antite legal, oswa nenpòt otorite oswa ajan, ki gen posesyon dirèk nenpòt fèm antanke pwopriyetè oswa lokatè, ki responsab pou jesyon li ak kondisyon li yo. Sa gen ladann kontraktè travay agrikòl ke yo rele lidè ekip tou.
- Travayè agrikòl sezonye vle di nenpòt moun ki patisipe nan travay agrikòl sezonye oswa pwovizwa e yo ka itilize l swa youn ou lòt avèk tèms "anplwaye", "travayè", "travayè agrikòl migran sezonye" ak "travayè agrikòl pwovizwa."

### III. KONSÈY

- Konsèy sa a souliye meyè pratik pou mentni sante ak sekirite travayè agrikòl sezonye yo ak sante ekonomi agrikiltirèl ak chèn rezèv alimantè New Jersey a.
- Enplemantasyon konsèy sa yo esansyèl pou nenpòt anplwayè ak pwopriyetè oswa operatè kan travay agrikòl sezonye pou minimize risk ak posiblite kontak ak COVID-19 nan tout New Jersey.
- Tanpri note ke konsèy sa yo pa egzonere okenn moun pou yo pa respekte nenpòt nan lwa anvigè yo.
- Tanpri pran nòt sou lwa ki sèvi pou pwoteje sante travayè agrikòl sezonye yo:
  - ▶ Lwa pou Pwoteksyon Travayè Agrikiltirèl Migran ak Sezonye (Migrant and Seasonal Agricultural Worker Protection Act)
  - ▶ Lwa Sekirite Okipasyonèl ak Sante 1970 (Occupational Safety and Health Act of 1970, OSHAAct)
  - ▶ Lwa Travay Agrikòl Sezonye Eta New Jersey (New Jersey State Seasonal Farm Labor Act), Lwa Dlo Potab & Enfrastrikti WC yo (Drinking Water & Toilet Facilities Act), Lwa Anrejistreman Lidè Ekip (Crew Leader Registration Act) & Règleman pou Travayè Agrikòl Sezonye (Seasonal Farm Workers Regulation)
- **Anplwaye yo dwe kowopere ak Depatman Sante Lokal la pou konsèy sou kontwòl enfeksyon ak entèvansyon kont epidemi an, ki enkli bezwen adisyonèl nan transpò ak lojman, e yo dwe kontakte yo si yo gen nenpòt kesyon oswa enkyetid.**
- Yo founi tout lyen pou konsèy ak resous referans yo nan fen dokiman an.

*Etap ki suiv yo dwe aplike pou minimize pwopagasyon COVID-19 pandan rekòlt, ranmasaj, anbalaj, ak distribisyon pwodui agrikòl pou rive minimize pwopagasyon COVID-19 nan lojman ak transpò pataje.*

---



## 1. TAN TRAVAY

- a. Pou anplwayè a ankouraje distans sosyal li dwe mande travayè yo pou yo rete a yon distans de omwen sis pye ak yon lòt travayè etan y ap travay nan chan oswa nan nenpòt pwodiksyon, tretman, ak kiltivasyon agrikòl alimantè.
- b. Yo ankouraje anplwayè a pou l repati orè travay yo, tankou repati lè pou yo kòmanse yo, pou minimize mas travayè nan chan yo ak lòt lokal travay yo an menm tan.
- c. Si distans sosyal san danje pa posib, yo rekòmande pou itilize klwazon (an twal, an plastik, elatriye) ant espas travay chak travayè yo.



## 2. LOJMAN

- a. Pou anplwayè yo pwoteje travayè yo, yo dwe suiv rekòmandasyon Sant pou Kontwòl Maladi (CDC) sila yo pou lojman an gwoup si se anplwayè yo ki bay travayè yo lojman:
  - Yo dwe mete kabann yo omwen a yon distans sis pye youn ak lòt.
    - ▶ Si distans 6 pye a pa posib, pozisyone kabann yo a yon distans owmen 3 pye avèk klwazon ant kabann yo – pa egzanp, klouwe fil sot nan yon mi rive nan yon lòt epi kwoke dra, lenn, oswa rido sou li oswa itilize chifonye ki yon gwosè apwopriye oswa bwat katon ki kapab sèvi kòm separasyon).
  - Yo pa rekòmande kabann sipèpoze yo si li posib, mete kabann sipèpoze yo omwen a distans 6 pye avèk travayè yo kouchè pye kont tèt sou chak kabann sipèpoze separe.
    - ▶ Si distans 6 pye a pa posib, pozisyone kabann yo a yon distans owmen 3 pye avèk klwazon ant kabann yo – pa egzanp, klouwe fil sot nan yon mi rive nan yon lòt epi kwoke dra, lenn, oswa rido sou li oswa itilize chifonye ki yon gwosè apwopriye oswa bwat katon ki kapab sèvi kòm separasyon).
  - Pou tout sal yo, se pou gen ayerasyon adekwa nan pyès pou dòmi yo ak pyès kote moun viv yo avèk fenèt ki louvri oswa pòt ki gen ekran ki byen ajiste oswa yon aparèy ki founi vantilasyon.
  - Epitou anplwayè a dwe:
    - ▶ Bay klinèks ak poubèl.
    - ▶ Etabli yon orè repati pou lè benyen yo pou diminye kantite travayè k ap itilize saldeben yo an menm tan.
    - ▶ Asire twalèt yo ak lavabo yo toujou genyen savon, dezenfektan pou men abaz alkòl, ak sèvyèt pou jete apre yo fin sèvi.
    - ▶ Etabli yon orè repati pou repa yo pou diminye kantite moun nan zòn restorasyon (manje) pataje yo.
    - ▶ Reflechi pou w ta bay repa pre-anbale avèk orè repati pou yo vin pran yo pou limite gwo gwoup moun vin rasanble nan espas pataje yo.
    - ▶ Limite gwo rasanbleman angwoup nan zòn rasanbleman nan etablisman an pou rete an konfòmite ak Òdonans Egzekitif ak Administratif anvigè yo.
- b. Se pou lojman yo dezenfekte regilyèman e byen.
- c. Yo ankouraje distans sosyal nan lojman yo.
- d. Ou ka jwenn enfòmasyon osijè lojman pou moun ki gen rezilta pozitif pou tès COVID-19 nan seksyon 9.

### ←6ft→ 3. TRANSPÒ

- a. Se pou anplwayè a enpleman distans sosyal etan l ap bay travayè yo transpò pou fè ale-vini ant lakay yo ak lokal travay yo.
  - Se pou yo limite otomobil yo a kapasite 50%, ki ka egzije yo fè plis depasman pou ale vini de lokal travay la.
- b. Si anplwayè a bay transpò anplis, tankou depasman pou sant vil yo pou kous pèsònèl, se pou depasman yo pwograme alavans e se pou yo limite otomobil yo a kapasite 50%.



### 4. NETWAYAJ

- a. Se pou anplwayè a asire yo dezenfekte zòn moun manyen souvan yo, tankou zòn kominal yo ak otomobil travay ak transpò yo, ak ekipman epi materyèl yo itilize souvan, jan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Etazini (U.S. Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a egzije l la.
- b. Se pou anplwayè a itilize netwayan menaje ak dezenfektan ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (EPA) jan yo mande l la.



### 5. METE EKIPMAN PWOTEKSYON

- a. Se pou anplwayè a bay anplwaye yo pwoteksyon pou figi oswa mask.
  - Si yo ka reutilize pwoteksyon pou figi sa yo, se pou anplwayè a bay travayè a aksè pou l lave pwoteksyon pou figi yo regilyèman.
  - Si mask pou figi yo ka jete, se pou yo asire yon rezèv regilye disponib e se pou yo ranplase yo jan li nesèsè toudepann kondisyon mask la.
- b. Se pou anplwayè a edike travayè yo sou règleman obligatwa pou mete pwoteksyon pou figi yo pou pwoteksyon pa yo ak pwoteksyon lòt moun.
- c. Travayè yo dwe mete pwoteksyon pou figi yo toutan, ikonpri pandan sèvis transpò, etan y ap travay, ak lè yo bò kote lòt moun.
- d. Sèl eksepsyon pou pwoteksyon pou figi a se lè yon anplwaye ap manje oswa l ap bwè yon bagay, oubyen nan ka kote yo dekonseye anplwaye a mete pwoteksyon pou figi/ mask la pou rezon sante.



### 6. PRATIK LAVAJ MEN AK IJYÈN PÈSONÈL

- a. Se pou anplwayè a founi twalèt ki pwòp ak prive, toupre zòn travay yo. Se pou twalèt yo genyen ase papye ijyenik.
- b. Se pou anplwayè a founi estann pou lavaj men toupre zòn travay yo e ki gen savon ak materyèl pou seche men ke yo ka jete defason pou men yo byen lave.
  - Anplis estann pou lavaj men yo, se pou anplwayè a bay dezenfektan pou men ki gen omwen 60%-95% alkòl nan plizyè kote, tankou nan chan an oswa nan lòt sant operasyon agrikòl, zòn kwizin ak kote yo manje yo, ak zòn kote yo dòmi yo.
- c. Se pou anplwayè a pwograme poz pou lavaj men chak inèdtan.
  - Si pa gen ni savon ni dlo, yo ka itilize yon dezenfektan pou men abaz alkòl ki genyen 60%-95% alkòl ladann.



## 7. EDIKASYON SOU DIMINYE ENFEKSYON COVID-19

- a. Ajans lokal ak leta yo, tankou Depatman Sante New Jersey, departman sante piblik lokal yo ak Sant Sante lokal ki gen Kalifikasyon Federal yo, pral founi materyèl edikasyon.
  - Se pou anplwayè a kolabore avèk ajans sa yo, pou idantifye afich ak materyèl edikatif ki gen sans kiltirèl, lengwistik, e ki nan nivo alfabetizasyon apwopriye pou travayè yo.
  - Se pou anplwayè a fè enfòmasyon yo disponib tou pou sa ki pa kapab ni li ni ekri yo pou asire tout travayè yo okouran enfòmasyon sa a.
- b. Se pou anplwayè a edike travayè yo sou ijyèn men, pwotokòl respiratwa, ak entèvansyon annijans.
  - Se pou travayè yo lave men yo avèk savon epi dlo pandan omwen 20 segonn, e menm jan tou se pou yo aplike dezenfektan pou men pandan omwen 20 segonn lè lavaj men an pa posib.
  - Travayè yo pa fèt pou yo manyen je yo, nen yo, ni bouch yo e yo fèt pou bare tous yo ak lè y ap estènye ak pli koud yo.
- c. Lokal travay yo dwe mete afich pou ijyèn men ke CDC fè yo ak lòt materyèl sou “Fason pou Pwoteje Tèt ou ak Zòt” nan lang Anglè, Panyòl, ak lòt lang jan sa nesèsè.



## 8. DEPISTAJ SANTE POU SENTÒM COVID-19

- a. Se pou anplwayè a fè depistaj pou sentòm yo, tankou tanperati ak verifikasyon sentòm anvan peryòd travay yo.
- b. Pami sentòm COVID-19 yo genyen, tous, souf kout oswa difikilte pou respire, OSWA omwen youn nan de (2) sentòm sa yo:
  - Lafyèv
  - Frison
  - Latranblad ki repete avèk frison
  - Doulè nan misk
  - Maltèt
  - Malgòj
  - Pèdi kapasite pou pran gou oswa
- c. **Si l genyen nenpòt nan sentòm sa yo, se pou travayè a rantre an kontak tousuit ak yon doktè. Doktè a pral detèmine si gen nesèsite pou l fè yon tès.**
- d. Annatandan atansyon medikal ak tès depistaj la, se pou anplwayè a izole travayè ki gen sentòm ki konsistan avèk enfeksyon COVID-19 nan sal endividyèl e fè yo evite zòn komen yo.
- e. Se pou anplwayè a rantre an kontak ak FQHC dirèkteman pou l mande enfòmasyon sou tès depistaj COVID-19 (ikonpri tès depistaj mobil) ak swen sèvis prensipal, tankou telehealth.



## 9. TRAVAYÈ YO SISPÈK KI GENYEN OSWA YO KONFIME KI GENYEN COVID-19

- a. Se pou anplwayè a asire yo transpòte travayè a (yo) ki montre sentòm COVID-19 yo separeman de lòt yo.
  - Dèke yo sispèk oswa dyagnostike travayè a (yo) ak COVID-19, priorite a se anpeche plis pwopagasyon bay lòt travayè yo.
- b. Se pou anplwayè a oswa pwofesyonèl lojman an kontakte depatman sante piblik lokal la nan jiridiksyon kote lojman aktyèl moun nan ye a pou nenpòt ka yo sispèk.
- c. Se pou yo deziyen yon saldeben separe pou travayè a oswa, si sa pa posib, yon twalèt separe.
- d. Se pou anplwayè a founi yon espas separe, kizin, ak twalèt aksesib ki pa pre ak lòt moun nan anviwònman.
  - **Si yo pa kapab izole travayè yo avèk efikasite nan anviwònman y ap viv aktyèlman an, se pou yo founi lojman altènatif.**
- e. Se pou anplwayè a idantifye nenpòt travayè ki te gen kontak pwòch ak travayè ki enfekte a e se pou l fè depistaj epi veye pou sentòm yo.
- f. Se pou anplwayè a asire travayè ki an karantèn yo genyen ase manje, materyèl, ak transpò pou al pran swen medikal.



## 10. RASANBLEMAN TRAVAYÈ YO

- a. Se pou anplwayè yo rasanble oswa gwoupe travayè yo dapre eta sante yo. Sa pral diminye pwopagasyon COVID-19 bay travayè ki an sante yo. Twa rasanbleman oswa gwoupman ki genyen dapre rezilta tèst COVID-19 yo se:
  - **Gwoup 1:** Travayè ki pozitif pou COVID-19 yo, kèlkeswa si yo genyen sentòm ou non, yo ka izole ansanm.
  - **Gwoup 2:** Yo ka mete travayè ki pran kontak avèk COVID-19 yo, men ki pa montre sentòm yo, ki gen tèst negatif oubyen ke yo poko teste yo, an karantèn ansanm lwen ka ki pozitif yo.
  - **Gwoup 3:** Travayè ki pa pran kontak ak COVID-19 e ki pa montre sentòm yo kapab rete ansanm san okenn izolman ni karantèn.
- b. Yo ka etabli rasanbleman anplis pou limite efè ki ka genyen akòz posiblite pou enfeksyon yo:
  - Anplwayè a kapab kreye gwoup travayè ki viv, ki deplase, e ki travay ansanm, men ki rete lwen lòt gwoup travayè yo. Kote sa posib, yo ankouraje anplwayè yo pou yo etabli gwoup e pou yo ankouraje gwoup yo rete separe nan lè yo p ap travay yo.
  - Yo ankouraje anplwayè yo pou yo kenbe travayè agrikòl migran ki viv nan kan travay agrikòl la, travayè migran ki viv nan lojman andeyò eksplwatasyon agrikòl la, ak travayè lokal yo separe youn ak lòt pou limite posiblite pou pwopagasyon bay eksplwatasyon agrikòl la ak kominote a, ni pou yo pa pran l tou.





## 11. PLAN KOMINIKASYON ANT PWOFEZYONÈL SWEN SANTE AK PASYAN KI KONFIME

- a. Dèke yon pwofesyonèl swen sante konfime yon travayè genyen COVID-19, yo konsidere travayè sa a se pasyan pwofesyonèl swen sante sa a.
- b. Se pou anplwayè sa a pèmèt anpil kominikasyon ant pwofesyonèl swen sante a avèk pasyan an jouk pasyan an/travayè a fin retabli nèt oswa jouk li gen tès COVID-19 ki negatif.
- c. Si li nesèsè, se pou anplwayè a founi yon telefòn oswa yon òdinatè pou l pèmèt kominikasyon ant pasyan an ak pwofesyonèl swen sante a.
- d. Se pou pasyan an/travayè a oswa anplwayè a avize pwofesyonèl swen sante a sou nenpòt chanjman nan eta klinik pasyan an.
- e. Pwofesyonèl swen sante a kapab fè evalyasyon telefonik adistans tou pou l asire anviwònman pasyan an ap viv la adekwa pou oto-izolman.
- f. **Yo p ap faktire anplwayè a ni travayè a pou depans ki gen rapò avèk tès ak tretman pou COVID-19 yo.**
- g. **Yo p ap faktire ni anplwayè yo ni travayè yo pou nenpòt ospitalizasyon oswa lojman pou izolman Eta New Jersey founi.**
- h. **Lojman pou izolman pwovizwa pou travayè ki gen tès pozitif yo disponib nan Field Medical Station ki sitiye nan Atlantic City Convention Center, 1 Convention Blvd, Atlantic City, NJ 08401. Rekòmandasyon nan men yon pwofesyonèl swen sante obligatwa.**



## 12. RETOUNEN TRAVAY

a. Yo ka retire travayè ki an konfinman e ki te gen sentòm COVID-19 nan izolman an e l ka retounen travay sèlman nan sikonstans sila yo:

- Travayè ki gen sentòm e ki gen tès COVID-19 ki pozitif yo dwe rete an izolman jouk apre:
  - ▶ omwen 3 jou konplè (oswa 72 èdtan) fin pase san yo pa gen lafyèv, san yo pa itilize medikaman pou diminye lafyèv EPI
  - ▶ lòt sentòm yo amelyore anpil e
  - ▶ omwen 10 jou gentan pase depi tan premye sentòm yo te kòmanse yo.
- Travayè ki konfime pou COVID-19 nan laboratwa ki pa t gen OKENN sentòm yo ka sispann izolman an apre omwen 10 jou fin pase depi dat premye tès dyagnostik pozitif COVID-19 la e si yo kontinye pa gen okenn sentòm ditou.
- Si vin gen sikonstans kote operasyon agrikòl yo pa kapab kontinye akòz gran kantite travayè ki pozitif yo, se pou yo reflechi sou bagay sila yo, sepandan sèlman antanke dènye rekou.
  - ▶ Pèmèt anplwaye ki pozitif san sentòm yo pou yo retounen travay depi yo kapab mete yon pwoteksyon pou figi etan y ap fè travay yo oswa yo ka kenbe distans sosyal (6 pye oswa plis) ak lòt moun etan y ap fè travay yo.
    - ✓ Se pou yo mete yon pwoteksyon pou figi nenpòt lè gen entèraksyon avèk lòt moun.
    - ✓ Sèl eksepsyon pou pwoteksyon pou figi a se lè yon anplwaye ap manje oswa l ap bwè yon bagay, oubyen nan ka kote mete pwoteksyon pou figi/mask la se yon kontrendikasyon pou anplwaye a pou rezon sante.
  - ▶ Si genyen yon gran kantite travayè ki pozitif san sentòm, reflechi pou w ta fè gwoup sa a travay ansanm, si sa posib, e separe ak lòt ki negatif yo oswa ki poko fè tès yo.
  - ▶ Etan yo p ap travay, se pou yo aplike tout mezi izolman yo. Sa vle di yo pa fèt pou yo ap pataje espas kote yo viv avèk lòt moun ki pa pozitif yo.
  - ▶ Yo dwe ekskli moun ki gen sentòm yo san okenn eksepsyon.

b. Apre yo retounen travay, anplwaye yo dwe kontinye kenbe bon ijyèn pèsònèl tankou lave men yo souvan e pandan omwen 20 segonn chak fwa.



### 13. PWOTEKSYON POU TRAVAYÈ NAN TRAVAY YO

a. Dèke yo anboche yon travayè e yo mete l sou pewòl, yo konsidere travayè sa a tankou yon anplwaye. Yo konsidere travayè ki rive nan yon eksplwatasyon agrikòl tankou travayè ki anboche e ki prezante pou travay.

- Elijiblite pou Konje Maladi Akimile pou New Jersey ak/oswa konje maladi akimile anba Lwa Entèkansyon Kont Coronavirus pou Fanmi Anpremye a, ki mansyone anba c. ak d. pi ba a, kòmanse depi premye moman an bòch la.

▶ **Sa aplike pou tout anplwaye kèlkeswa kondisyon imigrasyon/papye legal yo. Pa egzanp, anplwaye H-2A yo ak anplwaye ki pa gen papye yo gen menm pwoteksyon yo.**

- Anplwayè H-2A yo genyen obligasyon anplis dapre lwa federal: Anplwayè H-2A yo dwe garanti pou yo ofri chak travayè ki kouvri pandan yon kantite èdtan total ki egal ak omwen 75% jou travay ki nan peryòd kontra a – ke yo rele “twaka garanti.” Si pandan tout peryòd kontra travay la anplwayè a pa ofri ase jou travay bay travayè H-2A oswa travayè similè pou yo atenn kantite total ki nesèsè pou yo reponn a règleman twaka garanti a, se pou anplwayè a peye travayè sa yo montan yo ta touche a si yo te vreman travay kantite jou travay garanti a yo. Yo pral kalkile salè pou peryòd 75% ki garanti a, a pa mwens pase to ki deklare nan kontra travay la.

b. **Tout travayè nan NJ yo pwoteje kont Reprèzay nan Travay ki gen Rapò ak COVID-19**

- Yon anplwayè pa gen dwa revoke ni l pa gen dwa pini nan okenn lòt fason yon anplwaye ki mande tan konje oubyen ki pran konje nan travay la, parapò ak detèminasyon pwofesyonèl medikal ke anplwaye sa a genyen, oswa l ka genyen, COVID-19.
- Lwa a aplike pou tout kalite anplwaye e kèlkeswa kondisyon papye legal/imigrasyon yo.
- Voyer yon imèl nan [farms@dol.nj.gov](mailto:farms@dol.nj.gov) pou kesyon w genyen sou lwa sa a oswa si w panse yo fè reprèzay kont ou.

c. **Majorite travayè pral elijib pou Tan Konje Peye si yo pran COVID-19:**

- Dapre lwa eta, tout anplwaye tanplen, tan pasyèl ak pwovizwa nan NJ genyen dwa pou jiska 40 èdtan konje maladi peye, ke yo akimile a yon to yon èdtan pou chak 30 èdtan yo travay.
  - ▶ Anplwayè a kapab bay 40 èdtan davans oswa l ka kite l akimile sou baz 30 èdtan travay.
  - ▶ **Yo ankouraje anplwayè a pou l bay tout 40 èdtan an davans epi pou l asire ke travayè yo genyen aksè a tan konje maladi peye a si yo pran COVID-19.**
- Anplisdesa, dapre Lwa Entèkansyon Kont Coronavirus Fanmi Anpremye, anplwayè ki gen mwens pase 500 anplwaye yo dwe bay jiska 80 èdtan konje maladi peye ki pwoteje pou ka dijans pou anplwaye yo ka pran swen tèt yo oswa yon moun pwòch yo akòz maladi, sentòm, oswa karantèn pou coronavirus. Travayè plentan, tan pasyèl, ak pwovizwa yo, tankou travayè jounalye yo, kouvri dapre lalwa.

► Anplwayè ki genyen plis pase 50 anplwaye yo dwe bay jiska 80 èdtan konje maladi peye. Ekspwatasyon agrikòl ki gen mwens pase 50 anplwaye yo, men ke yo ankouraje yo pa fè sa, kapab anile kondisyon sa a.

d. Travayè yo ka elijib pou Asirans pou Aksidan nan Travay si yo pran COVID-19 etan y ap travay:

- Si yon moun pran viris la akòz li te travay ak yon moun ki te gen viris la, oswa l pran viris la pou nenpòt rezon ki gen rapò ak travay yo, moun sa a ka elijib pou asirans pou aksidan nan travay e l ta dwe ranpli l ak anplwayè li.



## 14. KONSÈY EDIKASYON:

- Se pou anplwayè a mete konsèy yo yon kote ki vizib nan operasyon eksplwatasyon agrikòl la e nan lojman anplwayè a founi yo.
- Anplisde afiche konsèy yo, se pou anplwayè a bay:
  - ▶ yon lis lokal kominotè ak nan konte a ki fè tès COVID-19 pou anplwaye yo.
  - ▶ yon lis FQHC lokal ki bay swen sèvis prensipal ak COVID-19.
  - ▶ konsèy CDC yo “Si w Malad” ki enprime pou anplwaye ki malad yo suiv.
- Se pou anplwayè a pale sou konsèy la nèt avèk nenpòt travayè agrikòl sezonye k ap travay nan eksplwatasyon agrikòl la nan yon lang anplwaye a ka konprann byen.
- Konsèy la disponib nan lang Anglè, Panyòl, Kreyòl Ayisyen, Fransè, Kanbojyen, ak Chinwa senplifye.



## 15. RESOUS ADISYONÈL:

### RESOUS POU TÈS AK TRETMAN YO:

- Lis Sant Sante ki gen Kalifikasyon Federal yo (FQHCs): <https://nj.gov/health/fhs/primarycare/fqhc/index.shtml>
- Depatman Sante Lokal yo: [www.nj.gov/health/lh/community/index.shtml](http://www.nj.gov/health/lh/community/index.shtml)
- Lokal pou tè depistaj COVID-19 yo: [covid19.nj.gov](http://covid19.nj.gov)
- Apèl telefonik pou kesyon jeneral sou COVID-19: 211 – anplwaye ki pale plizyè lang ap bay asistans
- Apèl telefonik pou kesyon klinik sou COVID-19: 1-800-962-1253 – anplwaye ki pale plizyè lang ap bay asistans
- Konsèy CDC “Si w malad”: [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/steps-when-sick.html](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/if-you-are-sick/steps-when-sick.html)

### RESOUS JENERAL ETA NEW JERSEY POU COVID-19

- Santral Enfòmasyon sou COVID-19 pou Eta NJ: [covid19.nj.gov](http://covid19.nj.gov)
- Fèy Enfòmasyon sou COVID-19 nan Lang Anglè ak Panyòl: [https://nj.gov/health/cd/topics/covid2019\\_community.shtml](https://nj.gov/health/cd/topics/covid2019_community.shtml)
- Depatman Sante New Jersey pou Sèvis Maladi Transmisib, Enfòmasyon pou Kominote ak Popilasyon an Anjeneral: [https://nj.gov/health/cd/topics/covid2019\\_community.shtml](https://nj.gov/health/cd/topics/covid2019_community.shtml)
- Resous pou Moun Ki pa Gen Papye Legal/Ki pa Gen Asirans: [https://nj.gov/health/cd/topics/covid2019\\_community.shtml](https://nj.gov/health/cd/topics/covid2019_community.shtml)

### RESOUS PREVANSYON

- Konsèy CDC sou lojman anmas: [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/shared-congregate-house/guidance-shared-congregate-housing.html](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/shared-congregate-house/guidance-shared-congregate-housing.html)
- Afich CDC sou ijyèn men ak lòt meteryèl “Fason pou w Pwoteje Tèt ou ak Zòt”: [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/prevention.html](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/prevention.html)
- Fè 5 Etap Ede Sispann COVID-19 la: [www.nj.gov/health/cd/documents/topics/NCOV/COVID19\\_infographic\\_do\\_the\\_5.pdf](http://www.nj.gov/health/cd/documents/topics/NCOV/COVID19_infographic_do_the_5.pdf)
- Avantaj Mask An Twal yo pou Sispann Pwopagasyon an (CDC): [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/DIY-cloth-face-covering-instructions.pdf](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/DIY-cloth-face-covering-instructions.pdf)

### RESOUS NETWAYAJ AK DEZENFEKSYON

- Konsèy CDC sou Netwayaj ak Dezenfeksyon: [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/organizations/cleaning-disinfection.html](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/organizations/cleaning-disinfection.html) and [www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/disinfecting-your-home.pdf](http://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/downloads/disinfecting-your-home.pdf)
- Dezenfektan anrejistre nan EPA: [www.epa.gov/pesticide-registration/list-n-disinfectants-use-against-sars-cov-2](http://www.epa.gov/pesticide-registration/list-n-disinfectants-use-against-sars-cov-2)

## RESOUS PWOTEKSYON POU TRAVAYÈ

- Entèdiksyon Repezay nan Travay akòz COVID-19:  
[www.myworkrights.nj.gov](http://www.myworkrights.nj.gov) oswa voye yon imèl bay [farms@dol.nj.gov](mailto:farms@dol.nj.gov)
- Lwa Entèvansyon Kont Coronavirus Fanmi Anpremye:  
[www.dol.gov/agencies/whd/pandemic](http://www.dol.gov/agencies/whd/pandemic)
- Konje Maladi ki Akimile nan New Jersey: [www.mysickdays.nj.gov](http://www.mysickdays.nj.gov)
- Kondisyon Federal H-2A requirements pou endistri agrikiltirèl la:  
[www.dol.gov/agencies/whd/fact-sheets/26-H2A](http://www.dol.gov/agencies/whd/fact-sheets/26-H2A)
- Lwa pou Pwoteksyon Travayè Agrikiltirèl Migran ak Sezonye (MSPA):  
[www.dol.gov/sites/dolgov/files/WHD/legacy/files/whdfs49.pdf](http://www.dol.gov/sites/dolgov/files/WHD/legacy/files/whdfs49.pdf)
- Lwa Sekirite Okipasyonèl ak Sante 1970 (OSHAct):  
[www.dol.gov/sites/dolgov/files/WHD/legacy/files/whdfs51.pdf](http://www.dol.gov/sites/dolgov/files/WHD/legacy/files/whdfs51.pdf)
- Lwa Travay Agrikòl Sezonye Eta New Jersey, Lwa Dlo Potab & Enfrastrikti WC yo, Lwa Anrejistreman Lidè Ekip & Règleman pou Travayè Agrikòl Sezonye:  
[www.nj.gov/labor/forms\\_pdfs/lse/mw-126.pdf](http://www.nj.gov/labor/forms_pdfs/lse/mw-126.pdf)

## RETOUNEN NAN TRAVAY ESANSYÈL

- Retablisman apre COVID-19 - Retounen nan travay esansyèl:  
[www.nj.gov/health/cd/documents/topics/NCOV/COVID\\_infographic\\_recovery.pdf](http://www.nj.gov/health/cd/documents/topics/NCOV/COVID_infographic_recovery.pdf)



Created: 5.20.20